Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого, лъилъе, ниль гьечІого, хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 40 (6876) 16 октябрь 2023 с. Итни РабигІул ахир 1444 с. Багьа - эркенаб

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## «МутІигІ гьабизе кІвечІеб Кавказ», «Нужер бахІарчилъи – нижер чІухІи»

### Кавказ фашистаздаса эркен гьабуралдаса – 80 сон

### Архъабашалда тІобитІараб тадбиралда гІахьаллъана бакълъулал

**Бакълъулазул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас гІахьаллъи гьабуна Казбек районалъул Архъабаш бакІалда Кавказ фа-**



**шистаздаса эркен гьабиялъул хІурматалда гІуцІараб рагъулабгун тарихияб тадбиралда. Гьенив Гъалипов гьединго дандчІвана Дагъистаналъул ХІукуматалъул нухмалъулев ГІабдулмуслим**




**ГІабдулмуслимовгунги.**

Тарихияб тадбиралда гьединго гІахьаллъи гьабуна ДРялъул бетІерасул ва ХІукуматалъул Администрациялъул нухмалъулев Алексей ХІасановас, районазул бутІруз.

Бакълъулазул делегациялда гьорлъ рукІана муниципалитеталъул бетІерасул заместитель МухтарахІмад АхІмадов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХІассан ГІалихІажиев, маданияталъул ва бибилиотекабаз хъулухъ гьабиялъул идараялъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадов, росдал магІишаталъул, экономикаялъул идараялъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимов ва цогидал.

Муниципалитеталъул чадир берцин гьабун букІана ичичІалисезул гулгуназ, концертниябгун театралияб къокъаялъул церерахъиназ ва гь. ц. Кавказ фашистаздаса эркен гьабуралдаса 80 сон иналда хурхарал тадбирал тІоритІана Бакълъул районалъул росабалъги.



Гьедин, Нарыш хъутаналда росдал библиотекаялъул нухмалъулей Бика Жамалудиновалъ «КъуркьичІеб Кавказ», «Кавказ эркен гьабуралдаса 80 сон», «Нужер бахІарчилъи – нижер чІухІи» абурал плакатал хІадурана ва «Битва за Кавказ» абураб акция тІобитІана.

Бакълъулазул районалъул краеведческияб музеялда гьитІинал гьалдадерие маданияталъул хІалтІухъан Мадина ХІасановалъ бицана Кавказ фашистазде данде къеркьеялъул, гьеб эркен гьабиялъул.




Гьарадирихъ росдал гьоркьохъеб школалда КІудияб ВатІанияб рагъул заманалда Кавказ фашистаздаса эркен гьабиялъул рагъалда тІасан тарихалъул дарс тІобитІана. ЦІалдохъабазе бицана 1942-1943-абилел соназ рагъухъабаз, партизаназ бихьизабураб бахІарчилъиялъул.

Гьединал тарихалда хурхарал тадбирал тІоритІана муниципалитеталъул цогидал росабалъги. Районалъул тІалъиялъ, мугІалимаз ва цогидаз кІудияб кІвар кьолеб буго цІиял гІелазул ВатІаналдехун лъикІаб бербалагьи цІикІкІиналъул тадбирал гІуцІиялде.

СВОялда гІахьаллъи гьабулезги мисал бихьизабулеб буго ВатІан бокьиялъул, бахІарчиго тІуралел руго церелъурал рагъулал масъалаби

**«Гумбет» информациялъул гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Бакълъул ва Казбек районазул нухмалъулел – ФКУ № 2 ИКялда**

- 2 гьум.



**Аргъваниса сахаватчи ГІиса ГІисаев – Смоленск областалъул депутат**

- 2 гьум.



**Нурият ГІалиева ва СахІиб Шихмирзаева Москваялда тІобитІараб форумалда гІахьалъана**

- 2- гьум.



**ДРялъул руччабазул гІуцІиялъе – 30 сон**

- 2- гьум.

РАКЬЦОЯЗУЛ ТІАЛАБАЗДА...

# Бакълъул ва Казбек районазул нухмалъулел – ФКУ № 2 ИКялда

**Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалипов араб анкьалъ ритІизариялъулаб (исправительная) Россиялъул Дагъистаналда бугеб № 2 УФИСНялъул калониялде щвана. Казбек районалъул нухмалъулев ХІажимурад Мусаевасда цадахъ Гъалипов дандчІвана гьеб идараялъул нухмалъулев Рустам Шихбабаевгун ва гьесул заместитель Аскерхан Мусаевгун.**



КІиябго районалъул бутІрул гьединго дандчІвана гьеб калониялда жанир тІамурал ракьцоялгун, халгьабуна гьез цехазда гьабураб къайиялъул ва гь. ц. КъотІи-къай гьабуна № 2 ИКялда гьабураб къайи босизе. Абизе ккола муниципалияб тІалъиялъ тІалаб гьабулеб буго районалъул киналго гражданазул.

**«Гумбет»
информациялъул гІуцІи**

ЧІАХЪАГИ МАГІАРУЛАЛ

# Аргъваниса сахаватчи ГІиса ГІисаев – Смоленск областалъул депутат

### Бергьенлъаби цІикІкІаги

**Бакълъулазул районалдаса ГІиса ГІисаев вищана Смоленск областалъул Думаялъул депутатлъун. ГІисаев**



**ГІиса МухІамадович гьавуна 1966-абилеб соналъул 1-себ апрелалда. 1983-абилеб соналъ лъугІизабуна Аргъвани росдал гьоркьохъеб школа. 1992-абилеб соналъ лъугІизабуна Дагъистаналъул росдал магІишаталъул институт, цудагьаб хадуб – «Российский новый университет» абураб пачалихъалъул гуреб цІалул идараги.**

Россиялъул халкъияб магІишаталъул ва РФялъул Президентасда цебе пачалихъияб хъулухъ гьабиялъул академияги лъугІизабуна 2020-абилеб соналъ. Смоленск областалда гІумру тІами гьабулаго, ГІисаев чанцІулго вищана депутатлъун.

Гагарин районалда хакъазда гьоркьосел ва диниял гьоркьоблъабазул консультативнияб советалъул нухмалъулесул заместительлъун хІалтІана. ГІисаев гьединго ккола «Фонд поддержки спорта, физической культуры и молодежи Гагаринского района "Гагаринец"» НКОялъул учредительлъунги.

2004-абилеб соналдаса «ТРАНСКОМ» ОООялъул нухмалъулевлъун ва бетІерав директорлъунги ккола ГІисаев. 2023-абилеб соналъул сентябралда тІоритІарал рищиязда гьев вищана «Цогояб Россия» ВППялъул Смоленскалъул бакІалъулаб Думаялъул депутатлъун, предпринимательствоялъул ва инвестициязул, экономикияб цебетІеялъул Комитеталде гъорлъеги восана.

РакІ-ракІалъ баркула ГІиса ГІисаевасда иргадулаб нухалъ депутатлъун вищи, гьарула щулияб сахлъигун халатаб гІумру ва сундулъго цебетІей.

**«Сельсовет "Аргванинский"»
СПялъул депутат
Сайпилав МухІамадов**

ЛЪАЙКЬЕЙ

# Нурият ГІалиева ва СахІиб Шихмирзаева Москваялда тІобитІараб форумалда гІахьалъана

**Россиялъул тахшагьаралда тІобитІараб классалъулал нухмалъулезул форумалда гІахьаллъи гьабуна ЛъаратІа росдал гьоркьохъеб школалъул гІурус мацІалъул ва адабияталъул мугІалим СахІиб Шихмирзаевалъ ва хІисаб гІелмуялъул мугІалим Нурият ГІалиевалъ.**

Тадбиралда гІахьаллъи гьабуразул къадар бахана лъабазаргоялдасаги цІикІкІун чиясде. Дагъистаналдаса гьезда гьоркьор рукІана 57 мугІалим, Бакълъул районалдаса кІиго мугІалим гьениве ворчІи – кІудияб рохел.

«Форумалде рорчІизе бокьаразул къадар лъабкъоазаргоялдасаги цІикІкІун букІана.




Гьенир гІахьаллъизе ккани, педагогикаялда хурхарал тестал ва цогидал гІемерал тІадкъаял тІуразе кколаан.

Щуго къоялда жаниб нижее гІуцІун рукІана гургинал столал, махщелцоязулгун бицана хІалбихьи борхизабиялъул, рехсана лъималазул тарихалдехун, тІахьал цІалиялдехун рокьи бижизабизе жидецаго хІалтІизарулел къагІидабазул ва гь. ц.

Форумалъул ахиралда Кремлялъулаб Пачалихъияб кІалгІадухъ тІобитІана кІудияб концерт. Щибаб санайил форум гІуцІула Россиялъул лъайкьеялъул министерствоялъ улкаялъул нухмалъулесул тІадкъаялда рекъон», - ян бицана СахІиб Шихмирзаевалъ.

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН...

# ДРялъул ручччабазул гІуцІиялъе – 30 сон

### Миннацалъ тІобитІараб тадбиралда Набигула АхІмадибировасул фильм бихьизабуна

**Бакълъул районалъул ручччабазул гІуцІиялъул вакилзабаз гІахьаллъи гьабуна Кавказ фашистаздаса эркен гьабуралдаса 80 сон иналъул ва Дагъистаналъул ручччабазул гІуцІиялъул 30 сон тІубаялъул тадбиразда. Дандеруссин тІобитІун букІана ДРялъул Миннацалъ. ХІурматиял гьалбаллъун ахІун рукІана цогидал регионаздаса ручччабазул гІуцІабазул вакилзаби ва гь.ц.**




Миннацалъул нухмалъулев Энрик Муслимовас Дагъистаналъул бетІер Сергей Меликовасул рахъалдасан саламалъулаб кІалъай гьабуна. Муслимовас гьединго баян гьабуна Дагъистан ва тІолго улка цебетІеялъулъ ручччабаз къиматаб бакІ кколеб букІиналъул ва баркала загьир гьабуна ДРялъул ручччабазул гІуцІиялъе.

Тадбиралда районазул вакилзабаз миллияб квен, ретІел цебелъураб бокІонги къачІан букІана. Бакълъулазул ручччабазул цебелъей букІана цІакъ берцинаб ва бечедаб. Гьединго фестивалалда бихьизабуна ДРялъул маданияталъул мустахІикъав хІалтІухъан Набигула АхІмадибировасул «РекІел хинлъи» абураб фильм.






«ГІемераб рецц-бакъ щвана нижее тадбиралда. Баркала кьезе аскІоре рачІунел гІемер рукІана. Заманалда барахщичІого, кІвахІ гьечІого, хІаракат бахъула бакълъулазул женсоветалъул ручччабаз гьединал тадбирал берцин гьаризе.

Иргадулаб нухалъ бихьизабуна гьез цІикІкІараб манзил ва цогидал захІмалъаби сангар гуреблъи берцинго тІаде босараб иш тІубазе, аслияб жо анищ ва гъира букІин. РакІ-ракІалъулаб баркала кьезе бокьун буго фестивалалда гІахьаллъарал бакълъулазул ручччабазе, нуж руго районалъул чІухІи!», - ян абуна Бакълъул районалъул ручччабазул гІуцІиялъул нухмалъулей Загьра ГІабдулаевалъ.

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъоркь Инхоб: мугIалимзаби ракIалдещвеялъул мини-футболалъул рахъалъ турнир

**Районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул Комитеталъул, 2012-абилеб соналъ Гъоркь Инхо росдал школа лъугIизабураб выпускалъул ва росдал гIолилазул жигаралдалъун мугIалимал ракIалдещвеялъул мини-футболалъул рахъалъ турнир тIобитIана.**




Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна щуго командаялъ. Турнир байбихьилелде Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад Жамалудиновас конкурсалъул гIахьалчагIаздехун, гьалбадеридехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ва тадбир гIуцIаразе баркала кьуна.

Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул Комитеталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадгIалиевас баян гьабуна мугIалимзабазул захIмат кIвар цIикIкIараб букIиналъул. Гьес гьединго баркала кьуна сахаватчагIазе ва цогидал турнир гIуцIизе кумек гьабуразе.

Къецазул хIасилалда лъабабилеб бакI щвана «АЗС-Инхо» командаялъе, кIиабилеб – «Школьники» командаялъе, тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана «Universal Fighters» команда. Бергьаразе ва къиматал бакIал щвараза кубокал, медалал, грамотаби кьуна.

Гьединго сайгъатал кьуна хадур рехсарал номинациязда бергьаразе: «Бищун лъикIав вратарь» - ГIумар ГIабдулгъаниев («Эксперт»); «Бищун лъикIав бомбардир» - Зайнудин МухIамадов («Школьники»); «Бищун лъикIав гIолохъанав хIалев» - ХIусенхIажи МартазагIалиев («Школьники»); «Бищун лъикIав хIалев» - МухIамад МуртазагIалиев («Universal Fighters»).

Гьединго турнир гIуцIараз «Бищун лъикIав болельщик» абураб призги бихьизабун букIана. Гьеб щвана «Школьник» командаялъул болельщик АхIмад АхIмадовасе. Турнир гIуцIаразул баркалаялъул кагъат щвана тадбиралъул бетIерав судья Шамил МухIамадовасе ва профессионалияв фотограф МухIамадрамазан Гъазиевасе. Тадбиралъул ахиралда фейерверкги беччана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ГIазра Исубилаева: «Дун чIухIула бахIарзал гIемераб ракь нилъер букIиналдаса»

**Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъ бицана СВОялъул гIахьалчи, Хунзахъ районалъул Гьамуши росулъа гьелъ васлъи рагIинабурав МухIамадрасул МухIумаевасулгун дандчIваялъул.**



«Иргадулаб нухалъ рес щвана дие отпускалъ вачIарав МухIамадрасулгун дандчIвазе. Гьев отпускалъ вачIин, нижер хъизаналъе унго-унгояб байрам буго.

МухIамадрасулица бицана спецоперациялъул мухъалда бугеб ахIвал-хIалалъул, нилъер ракьцоязул бугеб рекIел хIалалъул, гьесул рагIабазда рекъон, бергьенлъи гIагар гьабизе хIаракат бахъулеб буго нилъер васаз.

Дун чIухIула бахIарзал гIемераб ракь нилъер букIиналдаса. Аллагьас цIунаги ва бергьенлъигун тIадруссаги нилъер рагъухъаби. Дирго МухIамадрасулие ва киналго ВатIан цIунулезе нахъеги гьарула халатаб ва рохел цIикIкIараб гIумру», - ян абуна Исубилаевалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

СТРАНА ГОР

# Путин предложил включить участников СВО в перечень граждан, получающих субсидии на оборудование для газификации

**Президент России Владимир Путин – о расширении программы социальной газификации: «Предлагаю расширить перечень граждан, которые могут получить субсидию на газовое оборудование и его установку, а именно внести в этот перечень и участников специальной военной операции и членов их семей, а также инвалидов первой группы и семьи, которые воспитывают детей-инвалидов».**

Подробно в Telegram-канале Кремля:https://t.me/news_kremlin/2520




РИТМ ГУМБЕТА

# Магомедрасул Сулейманов: «Служение Родине – дело благородное»

**В Гумбетовском районе активными темпами идёт осеняя призывная кампания.**



На данном этапе срочники проходят медкомиссию. Молодых гумбетовцев, призванных на военную службу, поддерживают руководство района, общественники и др. Так, заслуженный наставник молодежи РД, член Общественной палаты РД, афганец Магомедрасул Сулейманов встретился со срочниками из Гумбета. Он призвал юношей стремиться достойно выполнять воинский долг.

«В период Великой Отечественной войны, принимая участие в разных локальных войнах, во время вторжения бандформирований в августе 1999 года, служа в различных воинских частях, гумбетовцы показали себя мужественными защитниками Родины. Хочу отметить, что срочники не будут отправлены в зону СВО. Дорогие призывники, служение Родине – дело благородное, желаю вам больших успехов в исполнении воинского долга», – резюмировал Магомедрасул Сулейманов. Отметим, что глава Гумбета Галип Галипов уделяет пристальное внимание прохождению призывной кампании на высоком уровне. Напомним, что по итогам весеннего призыва Гумбетовский район перевыполнил план.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Дети Запорожья получили посылки из Гумбета

**В рамках Всероссийской акции «Чужих детей не бывает» школьники из Гумбетовского района оказали помощь сверстникам из Михайловского района Запорожской области.**

Данную благотворительную акцию поддержали все школы Гумбетовского района. Дети собрали для ровесников из Запорожья тетради, ручки, спортивный инвентарь и другие школьные принадлежности. Посылки Цанатлинской основной школы также дошли до адресатов. Дети Запорожья поблагодарили дагестанцев за щедрость сердец и оказываемую поддержку. Напомним, что гумбетовцы оказывают регулярную поддержку и бойцам СВО, на передовую доставлено свыше 20 тонн гуманитарного груза, собранного в разных поселениях Гумбета.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов держит на личном контроле вопрос предоставления всесторонней помощи участникам СВО и членам их семей.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Азербайджан отметит 100-летие дагестанского поэта Расула Гамзатова

**В течение двух дней делегация посетит монумент памяти «1941-1945 годы», на котором запечатлен знаменитый образ гамзатовских журавлей и проведет встречи с писательским сообществом Азербайджана в Русском Доме в г. Баку, сообщает пресс-служба Минкультуры Дагестана.**




Помимо этого, запланировано провести мультимедийную выставку, фотовыставку, книжно-иллюстративную выставку, выставку народно-художественных промыслов и другие мероприятия.

Подробно по ссылке: https://t.me/minkultrd/5654

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Оперативно-профилактическая операция «Защита-2023»

На сегодняшний день воспитание детей рассматривается как стратегический общенациональный приоритет, требующий усилия различных институтов гражданского общества и ведомств на федеральном, региональном и муниципальных уровнях.

В целях предотвращения вовлечения несовершеннолетних в террористическую деятельность, недопущения распространения радикальной идеологии в молодежной среде, устранения условий и причин, способствующих совершению преступлений несовершеннолетними, в том числе экстремисткой направленности и террористического характера, задержания лиц, находящихся в розыске за совершение тяжких и особо тяжких преступлений, установления места нахождения пропавших без вести на территории Республики Дагестан в 3 этапа проводится комплексная оперативно-профилактическая операция «Защита»:

1 -й этап (подготовительные мероприятия) с 21 по 31 августа 2023 года;

2- й этап (основные оперативно-профилактические мероприятия) с 6 по 16 октября 2023 года;

3- й этап (заключительные мероприятия) с 1 по 10 ноября 2023 года.

В рамках операции сотрудниками полиции проводятся рейды по местам массового пребывания несовершеннолетних, среди которых объекты торговли и досуга.

Инспектором по делам несовершеннолетних во взаимодействии с сотрудниками других служб, представителями органов системы профилактики осуществляется проверка по месту жительства

несовершеннолетних, состоящих на профилактическом учете. В рамках посещений с несовершеннолетними и их законными представителями сотрудниками полиции проводится разъяснительная работа об административной и уголовной ответственности за совершение противоправных деяний.

Совместно с представителями образовательных организаций, учреждений культуры и спорта проводится комплекс мероприятий по формированию негативного отношения подростков к противоправному поведению, несовершеннолетних, состоящих на профилактическом учете в органах внутренних дел, к участию в мероприятиях и движениях патриотической направленности.

В рамках комплексной оперативно-профилактической операции «Защита-2023» сотрудниками полиции проводятся лекции и беседы с учащимися образовательных учреждений района.

Детям разъясняются с какого возраста наступает уголовная и административная ответственность и какие санкции предусмотрены за совершенные деяния, разъяснено, чем грозит размещение на личных страницах в социальных сетях запрещенного законодательством Российской Федерации контента: видеороликов, аудиозаписей, символики и любой другой информации, содержащей признаки экстремизма. Детям разъясняют существующее в Российской Федерации законодательство по борьбе с наркоманией, об административной и уголовной ответственности за хранение, употребление и распространение запрещенных веществ.

Также хочется напомнить детям и родителям, что согласно требованиям Федерального Закона РФ от 28.04.2009г. № 71-ФЗ и закона Республики Дагестан от 18.11.2009г. № 69. детям находиться в ночное время (с 22:00 до 06:00) в общественных местах в том числе и на улице без сопровождения родителей или законных представителей запрещено.

**ОМВД России по Гумбетовскому району**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## О получении налоговых уведомлений и требований об уплате задолженности по налогам через личный кабинет на едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ)

**Федеральным законом от 14.04.2023 № 125-ФЗ «О внесении изменений в часть первую Налогового кодекса Российской Федерации» с 01.07.2023 предусмотрена возможность получения налоговых уведомлений для уплаты налогов на имущество и НДФЛ, а также требований об уплате задолженности по налогам налогоплательщиками - физическими лицами в электронной форме через личный кабинет на едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ).**

Получение через ЕПГУ указанных документов налоговых органов возможно при соблюдении двух условий:

1) налогоплательщик должен быть зарегистрирован в единой системе идентификации и аутентификации на ЕПГУ;

2) налогоплательщик направил через ЕПГУ уведомление о необходимости получения документов от налоговых органов в электронной форме через ЕПГУ.

Пользователь ЕПГУ сможет оплатить начисления из указанных документов онлайн, при этом налоговые уведомления и требования об уплате задолженности не будут дублироваться заказными письмами по почте, кроме предусмотренного пунктом 2 статьи 11.2 НК РФ случая.

Воспользоваться возможностью получения налоговых документов через ЕПГУ можно в любой момент вне зависимости от наличия доступа к личному кабинету налогоплательщика.

Для прекращения получения документов от налоговых органов через ЕПГУ налогоплательщик - физическое лицо вправе направить через ЕПГУ соответствующее уведомление. Заместитель начальника

**Советник государственной гражданской службы РФ 2 класса
М. И. Магомедов**

## Газовые службы рекомендуют установку «умных» счётчиков газа

**Одним из основных направлений деятельности компании «Газпром межрегионгаз Махачкала» является обеспечение безопасного газоснабжения жителей. Сегодня газовикам в этом помогает самый широкий спектр инноваций. Повысить безопасность использования газа в быту призваны и интеллектуальные приборы учета газа, доступные дагестанским потребителям газа.**

На территории города Махачкалы ведется реализация проекта по бесплатной установке более 1,2 тыс. «умных» счётчиков у жителей и предприятий коммунально-бытового сектора.

Одновременно с возможностью получения максимально точной информации о количестве потребленного газа, «умные» счётчики газа в комплексе со специальным закрывающим клапаном способны приостановить газоснабжение в случае возникновения нештатной ситуации. Он срабатывает и при резком увеличении расхода газа.

Интеллектуальные счетчики




обладают и рядом других преимуществ, в том числе предусмотрена автоматическая передача показаний в базу данных поставщика газа, и потребителю не нужно делать это вручную, ежемесячно беспокоясь о своевременной передаче данных до 25 числа.

За дополнительной информацией об установке «умных счетчиков» жители могут обратиться в контакт-центр ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному многоканальному номеру: 8 800 200 98 04 9 с 9.00 до 18.00ч.

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете реализуется программа «ГосСтарт.Стажировки»

**Комитет по спорту туризму и делам молодёжи МР «Гумбетовский район» информирует студентов и работающую молодёжь района о том, что в целях во-**




**влечения молодёжи на государственную и муниципальную службу в федеральные и региональные органы исполнительной власти проводится реализация проекта «ГосСтарт.Стажировки».**

Прохождение стажировок в региональных и муниципальных органах исполнительной власти начнется с 6 ноября 2023 года. Для участия в региональном этапе участники Проекта должны пройти регистрацию на платформе «Россия - страна возможностей» и подать заявку на прохождение стажировки по ссылке https://госстарт.рф/ в срок до 22 октября 2023 года. Финалисты регионального этапа Проекта получат возможность пройти стажировку в федеральных органах исполнительной власти. Дополнительную информацию можно получить по ссылке, указанной выше.

Желающих участвовать в данном проекте и прошедших регистрацию просим направить информацию на адрес электронной почты sportkom.gumbet@mail.ru.

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекьон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.